



"Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Ptit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontré y'a gen lavi ki p'ap janm fini an." Jan 3 v 16

Istwa Nowèl



"Nou gen yon ti pitit ki fenk fèt. Bondye ban nou yon gason. Se li menm ki pral chèf nou. Y'a rele l': Bon konseye k'ap fè bél bagay la, Bondye ki gen tout pouvwa a, Papa ki la pou tout tan an, Wa k'ap bay kè poze a!" Ezayi 9 v 6

Prèske 2,000 ane pase, nan lavil Nazarèt, zanj Gabriel te vizite yon jènn fi yo rele Mari. Gabriel te di Mari lap fè yon ti gason. Zanj lan di pou'l rele ti gason an Jezi paske li va Pitit Bondye. Nan moman sa a, Mari te fiansye ak Jozèf. Lè li te di Jozèf tout sa Zanj Gabriel te di l, Jozèf etonnen e li pa t kwè Mari. Zanj Gabriel te vizite Jozèf pou di l ke Mari te ansent epi li va fe yon pitit gason ki rele Jezi e li va sove pèp la anba peche yo.

Mari ak Jozèf te gen pou yo vwayaje lavil Betleyèm paske gouvènman Wa Ewod te bay lòd pou pran yon resansman, sa vle di konte tout moun nan peyi a. Mari te vwayaje ansent sou yon bourik. Apre plizyè jou, Mari ak Jozèf te rive Betleyèm men moun lavil la di yo pa gen kote pou yo rete. Lotèl yo te plen moun. Met lotèl la te wè Mari pret pou akouche e te di Jozèf yo ka rete nan ti kay kote yo bay bet yo manje.

-2-

Apre kèk tan, twa mesye saj, yo rele neg save, te wè etwal la briye nan syèl la. Etwal sa tap repoze anwo kote Jezi te fèt. Twa mesye ki gen bon konprann yo te vwayaje soti nan yon peyi lès ki byen Iwen pou jwenn nouvo wa a. Pandan vwayaj la, Ewòd, wa peyi Jida a, te rankontre ak neg save yo. Li te di yo pou yo retounen epi fè l konnen ki kote wa a te ye pou l ka adore l tou. Mesye saj yo kontinye nan lavil Betleyèm jis yo jwenn kay kote ti bebe Jezi te ye. Yo mete ajenou, yo adore Sovè a. Yo te ba l kado an lò, lanson, ak lami. Lè sa a, yo te vwayaje tounen lakay yo, yo te fe yon lot wout paske yo konnen ke wa Ewod pat vle adore Jezi, li te menm fe plan pou touye'l.

-7-



"...yon foul lòt zanj ... t'ap fè lwanj Bondye, yo t'ap di konsa: Lwanj pou Bondye anwo nan syèl la, kè poze sou latè pou tout moun li renmen." Lik 2 v 13-14

-6-



"Men li, jenn fi a pral ansent, li pral fè yon ptit gason. y'a rele l' Emannwèl. (Non sa a vle di: Bondye avèk nou.)" Matye 1 v 23

-3-

Mari ak Jozèf te oblige kouche sou zèb sech la andedan kay kote bét yo dòmi. Mari akouche e bebe Jezi te fèt nan ti kay sa. Sèl kote pou ti bebe a ka dòmi se andan ti bwat ki plen zèb sech. Se la bét yo manje e se la ti bebe Jezi kouche vlope ak twal.

A menm tan Mari te akouche, yon zanj te parèt devan gadò mouton ki t ap gade mouton yo sou yon monn toupre Betleyèm lan. Zanj lan te di yo bon nouvèl konsènan nesans bebe, Jezikri. Li anonse se ti bebe sa ki va devni Sovè a pou tout lemond. Bèje yo te ale tou swit pou jwenn ti bebe Jezi. Zanj Bondye a te di yo yo ka jwenn li dòmi nan yon ti kay kote bét yo manje. Bèje yo te jwenn Jezi ak Mari e Jozèf e te adore ti bebe Jezikri.

-4-



"Seyè a di ankò: Men ou menm, lavil Betleyèm, Efrata, ou se yonn nan pi piti nan tout lavil peyi Jida yo, se vre! Men, se nan mitan ou m'ap fè soti pou mwen yon chèf pou pèp Izrayèl la, yon chèf k'ap soti nan yon fanmi ki la depi lontan lontan." Miche 5 v 2

-5-